

SUTJIPTO ADI - ST. NEGORO

POKOK UJI
BAHASA DAERAH
(LITERATUR)

KANGGE:

KELAS 3 SMP



yudhistira



POKOK UJI
BAHASA DAERAH
(Basa Jawi)

3



POKOK UJI
BAHASA DAERAH
(Basa Jawi)

3

KANGGE: SMP KELAS 3

SUTJIPTO ADI
ST. NEGORO

penerbit **yudhistira**

penerbitan - percetakan - tokobuku



Jl. Pramuka Raya 4, tel. 884814 - 883842, Jakarta Timur

Toko Buku GHALIA INDONESIA:

Pusat Perdagangan Senen Blok I Lantai IV No.27.28.29 tel.357382

Toko Buku YUDHISTIRA:

Pusat Perdagangan Senen Blok I Lantai IV No. 16

Cabang-cabang:

JAKARTA : Jl. Pramuka Raya 4 tel. 884814 - 883842

SURABAYA : Jl. M.H. Thamrin 55 tel. 69026

BANDUNG : Jl. Cikaso 38, Cicadas tel. 73933

YOGYA : Jl. Bumijo Tengah 74A tel. 4874

SEMARANG : Jl. Kauman Butulan 138 tel. 26230

Penyalur tunggal buku terbitan:

Penerbit BALAI AKSARA - Penerbit YUDHISTIRA

dan

Pustaka SAADIYAH

CETAKAN PERTAMA JANUARI 1982
RENCANA KULIT Satrio
DICETAK DAN DITERBITKAN OLEH YUDHISTIRA
COPYRIGHT PADA YUDHISTIRA
HAK PENGARANG DILINDUNGI UNDANG-UNDANG


ATUR SAKLIMAH

S aking kumedahing manah kula
U run-urun nggampilaken piwulang Basa Jawi
C awe-cawe ngimpun soal kangge Evaluasi
I ngkang sinebat "POKOK UJI BASA JAWI".
P urih gampiling para siswa anggenipun samya amemetri
T rampil, baut lan leres anggenipun abasa sastra.
A ndadosna kawuningan bilih dhapukan punika
A namung dhedhasar kangge anggegladhi.
D humateng para siswa-siswi ing Pawiyatan Madya
I ngkang jumbuh kaliyan Pandom Kurikulum 1975.
G BPP saha buku cepengan ingkang baken.
A wasta Mardi Basa lan Sastra
N yinau Basa lan sastra Jawi ugi
D alasan Basa Jawi Gagrag Anyar lan wulang basa
A wit saking punika dhapukan kaperang dados tigang jilid.
S upados gampil anggenipun samya nyinau
U mpami ta kirang ing prayogi
L epyan, kekirangan saha kalepatan kula
I ngkang kula suwun namung sih pangaksami.

Parakan, 1981


Pangimpun,

(Sutjipto. Adi)



DAFTAR ISI

Atur Saklimah	5
Evaluasi I	9
Evaluasi II	15
Evaluasi III	20
Evaluasi IV	25
Evaluasi V	32
Evaluasi VI	37
Evaluasi VII	43
Pandom Wangsulan	49



EVALUASI I

I. Bunderana, a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Tembung "Ekaprasetya Pancakarsa" iku asale saka basa:
a. Sansekerta b. Jawa Kuna c. Krama Inggil d. Kedhatonan
2. Tegese tembung "Ekaprasetya Pancakarsa", yaiku:
a. Eka siji, prasetya janji utawa tekad, panca lima lan karsa karep.
b. Eka siji, prasetya tekad, panca lima lan karsa dasar.
c. Eka siji, prasetya dasar, panca lima lan karsa karep.
d. Eka siji, prasetya karep, panca lima lan karsa janji.
3. Dene sing dikarepake Ekaprasetya Pancakarsa yaiku:
a. Janji utawa manunggaling tekad kang sumedya nindakake kecarepan warna lima.
b. Janji utawa manunggaling tekad kang mengku karep sumedya nindakake sila lelima kang kasebut ing Pancasila.
c. Janji utawa prasetya marang dhasaring kecarepan.
d. Kekarepan kanggo janji limang prakara.
4. Tembung Ekaprasetya Pancakarsa uga diarani:
a. GBHN b. Pancasila c. RAPBN d. P4
5. Jarwane P4 ing Basa Jawa yaiku:
a. Pedhoman Penghayatan lan Pengamalan Pancasila.
b. Pandom Pangrasuk lan Pangetrapane Pancasila.
c. Pathokan Pangrakit lan Penganggoning Pancasila.
d. Pandom Penghayatan lan Pangetrapane Pancasila.
6. Kita kudu duwe rasa asih marang sapadhane. Pancadan sila kaping:
a. 1 b. 2 c. 3 d. 4
7. Ikrar Sumpah Pemuda kang dikumandhangake rikala tanggal 28 Oktober 1928, kalebu tindak sila kang kaping:
a. 2 b. 3 c. 4 d. 5

8. Manut pangrakiting tembung, tembung Ekaprasetya, Pancakarsa lan Pancasila diarani:
- camboran tugel
 - camboran tunggal
 - baliswara
 - sandhi garban
9. Panca ateges lima, coba urutan angka nganggo tembung kawi iki tuduhna endi sing bener:
- eka, dwi, tri, catur, panca, sad, sapta, hasta, nawa, dasa.
 - eka, dwi, tri, catur, panca, sapta, sad, hasta, nawa, dasa.
 - eka, dwi, tri, catur, panca, sad, hasta, sapta, nawa, dasa.
 - eka, dwi, tri, catur, panca, hasta, sapta, nawa, sad, dasa.
10. Urutan araning dina iki tuduhna endi sing bener!
- Soma, Anggara, Budha, Sukra, Respati, Tumpak, Radite.
 - Soma, Anggara, Budha, Respati, Sukra, Tumpak, Radite.
 - Radite, Soma, Anggara, Respati, Sukra, Budha, Tumpak.
 - Anggara, Budha, Respati, Soma, Sukra, Tumpak, Radite.
11. Gatekna tembang ing ngisor iki!
- Nunggal sajiwa gilut.
 Renggang gula lir kumepyur pulut.
 Ekaprasetya Pancakarsa wisnya dadi.
 Pandom Panuntun kang baku.
 Mrih Pancasila linakon.
- Tembang kasebut ndhuwur iku tembang:
- Pucung
 - Megatruh
 - Mijil
 - Gambuh
12. Renggang gula kumepyur pulut, diarani:
- bebasan
 - sanepa
 - panyandra
 - pepindhan
13. Guru wilangan lan guru lagune tembang kasebut no. 11, yaiku:
- 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
 - 7u, 10u, 13i, 8u, 8o
 - 12u, 8i, 6a, 8u, 8o
 - 12u, 6a, 8i, 12a
14. Tembung panuntun, bisa karimbag dadi:
- pa + nuntun
 - pan + tuntun
 - pa + V n + tuntun
 - pa-nun-tun
15. Manut pangrimbage tembung no. 14, diarani rimbag:
- kriyawacaka
 - dayawacaka
 - karanawacaka
 - bawawacaka
16. Rimbag dayawacaka iku wujud:
- pa-tanduk
 - pa-lingga-an
 - ka-lingga-an
 - pa-tanduk-an
17. Imbuhan an ing rimbag dayawacaka ateges:
- papan
 - duwe
 - nganggo
 - nindakake pegaweyan

18. Tembung kumepyur bisa karimbag dadi kepyur + Vum. diarani rimbag:
 a. bawa ma b. bawa kuma c. bawa kami d. bawa kapi
19. Prasetya, manut pangrimbage diarani rimbag:
 a. tanduk kriyawantah b. Sananta Kriyawantah
 c. Lingga andhahan d. wisesana lingga
20. Pandom Panuntun lan Pangetrapaning Pancasila. Ukara iki nge-
 mu Purwakanthi:
 a. guru swara b. guru sastra c. guru basa d. lumaksita
21. Saben tembang Macapat duweni watak dhewe-dhewe. Tembang Gambuh awatak:
 a. seneng, tresna lan asih b. galak, nantang lan muntab
 c. sedhik lan memelas d. wani, wanuh lan rumaket
22. Dene tembang sing awatak luwesane iku tembang:
 a. Kinanthi b. Asmaradana c. Durma d. Dandhanggula
23. Dasanamane Hyang Manon:
 a. dewa b. Gusti Allah
 c. Narendra utawa ratu d. brahmana
24. Pancasila iku jiwane bangsa Indonesia tulen.
 a. ukara andharan lugu b. ukara pakon
 c. ukara tanggap d. ukara tanduk
25. Mangkata dhisik yen liwat sabrangan sing ngati-ati. Tegese pa-
 nambang "an" ing tembung sabrangan, yaiku:
 a. lagi b. papan kanggo c. sawise d. banjur
26. Sing diarani godhong sabrang iku, godhong:
 a. jati b. suruh c. lombok d. keji beling
27. Ukara ing ngisor iki katulis nganggo basa ngoko andhap:
 a. Menawa ora ana alangan, mengko bengi bapak dikongkon teka rene.
 b. Menawa ora ana alangan, mengko bengi bapak didhawuhi tindak rene.
 c. Menawi mboten wonten alangan, mengke bengi bapak didhawuhi tindak rene.
 d. Menawi mboten wonten alangan, mangke dalu bapak dipun dhawuhi tindak mriki.
28. Menawi kepareng kula badhe ndherek bapak dhateng Kebu-
 men. Ukara iki katulis nganggo basa:
 a. krama b. krama inggil c. ngoko andhap d. ngoko lugu

29. Menawi ajeng dienggo sampeyan dhisik, kiranga sekedhik tak aturake.
- | | |
|--------------------|-----------------|
| a. basa krama desa | b. krama inggil |
| c. ngoko andhap | d. krama madya |
30. Candrane wong nginum kaping lima:
- | | |
|-----------------------|-----------------------|
| a. Panca sura panggah | b. Panca guna wi weka |
| c. Panca wanara rukem | d. Panca kukila warsa |

II. Jodhokna "A" lan "B" sing koanggep mathuk!

KOLEM A:

1. Ekaprasetya Pancakarsa
2. titi, tatas, titis lan trengginas
3. Pangkur
4. 12 u, 8 i, 8 u, 8 e, 8 o
5. Ki Gajahsora asamane
6. Pak, aku arep matur
7. Pak, aku arep kandha
8. tegen, mugen lan mempen
9. Ragu putra, putra nata ing Ayodya
10. Kang Murbeng Dumadi
11. dina Sukra Jenar.
12. maknane
13. dak, ko, di
14. nyabrangake
15. Wan, aku jupukna kapur!

KOLEM B:

- a. tembang macapat
- b. basa ngoko andhap
- c. basa ngoko lugu
- d. Megatruh
- e. ater-ater hanuswara
- f. ater-ater tripurusa
- g. ukara pakon
- h. Purwakanthi swara
- i. baliswara
- j. tegese
- k. purwakanthi laku
- l. paribasan
- m. purwakanthi sastra
- n. ratu
- o. P 4
- p. tanduk ke kriya
- q. Selasa Paing
- r. Jemuah Paing
- s. Gusti Allah

III. Titik-titik ing ngisor iki isenana!

1. Ukara "Pandom, Panuntun lan Pangrasuk Pancasila", ngemu purwakanthi
2. Tembung mbalung sungsum lan adil makmur, kagolong tula-dhane tembung
3. Sing dikarepake Gusti Kang Murbeng dumadi yaiku
4. Menawi simbah sela kula badhe matur. Ukara ini katulis nganggo basa

5. Mangke sonten bapak badhe tindak dhateng Gondosuli. Manut lungguhe tembung, mangke sonten diarani katrangan
6. Yoyok lan Indri lagi padha dolanan karet ing mburi omah. Manut lungguhe tembung, ing mburi omah diarani katrangan .
7. Dene Yoyok lan Indri ing ukara kasebut no. 6, diarani ...
8. Manut racutan wandane, tembung prasetya bisa kaudhal dadi .
9. Dene tembung prasetya manut pangrimbage diarani rimbag .
10. Manut maknane prasetya ateges
11. Isenana nganggo tetembungan kang mathuk: nrocos
12. Isenana kaya no. 11! ngethok
13. Iki uga! miris
14. Kae adimu . , gugahen mundhak keterusen, banjur takonono ngimpi apa.
15. Rikala samana Sang Kumbakarna lagi tapa..... kepati, ing Gunung Pangurungan.
16. Pathokan guru wilangan lan guru lagune tembang Kinanthi yai-ku
17. Tembung loro sing karangkep dadi siji nanging tembung sing nerangake manggon ing sangarepe tembung sing diterangake diarani rerangkaen M D utawa
18. Tembung kaanan sing karaketake karo tembung aran, nanging duweni teges kosok balen karo kaanane diarani
19. Tuladhane no. 18 umpamane
20. Ula ngendelaken iku, diarani baliswara. Yen diwalik nganggo ukara gancar dadi

IV. Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana!

1. Terangna tegese saloka ing ngisor iki!
 - a. Tumbu oleh tutup
 - b. Sumur lumaku tinimba
2. Gaweya bebasan nganggo tembung sing dikurung kang ateges:
 - a. Njaluk pitulungan marang wong kang ringkih (ngaup).
 - b. Gawe rerusuh ing papan aman (banyu).
3. Paribasan ing ngisor iki terusna!
 - a. Yitna yuwana
 - b. Wiwit kuncung
4. Terangna tegese purwakanthi! Ana warna pira? Sebutna!
5. Ukara ing ngisor iki nyasmitani tembang apa?
 - a. Sukanira angantya sri widada.
 - b. Mingkar-mingkuring ukara

V. Tulisen nganggo aksara Jawa!

PANGKUR

Uripe sepisan rusak,
nora mulur nalare pating saluwir,
kadi ta guwa kang sirung,
sinerang ing maruta,
gumarenggeng anggereng anggung gumrungung,
pindha padaning si mudha,
prandene paksa kumaki.

EVALUASI II

I. Bunderana a, b, c utawa d sing koanggep bener!

1. Ora kok Bu, aku mung arep takon Pak Lik carane wong sesorah.

Ukara ing ndhuwur kasebut katulis nganggo basa:

- a. ngoko lugu
 - b. ngoko andhap
 - c. krama madya
 - d. krama
2. Ukara kasebut no. 1 bisa diowahi nganggo basa ngoko andhap:
 - a. Ora kok Bu, aku mung arep matur Pak Lik carane wong sesorah.
 - b. Ora kok Bu, aku mung ajeng takon Pak Lik carane wong sesorah.
 - c. Ora kok Bu, aku mung badhe tanglet Pak Lik carane wong sesorah.
 - d. Mboten kok Bu, kula namung badhe matur Pak Lik caranipun tiyang sesorah.
 3. Ukara kasebut no. 2 d katulis nganggo basa:
 - a. krama
 - b. krama madya
 - c. krama desa
 - d. krama inggil
 4. Basa krama bisa kaperang dadi telu, yaiku:
 - a. krama inggil, krama madya lan krama desa.
 - b. krama inggil, kramantara, lan mudha krama.
 - c. krama madya, krama inggil lan kramantara.
 - d. kramantara, mudha krama lan werdha krama.
 5. Kandhane Pak Guru, ngrokok iku mitunani marang kasarasan.
 - a. ukara langsung
 - b. ukara ora langsung
 - c. kabeh bener
 - d. kabeh luput
 6. Manut isi wedhar gagasane manungsa ukara kasebut no. 5 diarani ukara:
 - a. pakon
 - b. pitakon
 - c. sambawa
 - d. andharan
 7. Ngrokok iku mitunani marang kasarasan. Ukara iki diarani ukara:

- b. Wedhakana pipisan pupus gedhang ing prenah pusere
- c. Gebyura nganggo banyu siwur
- d. Cawisana kembang wangi lan dhuwit sawur

II. Jodhokna "A" lan "B" sing koanggep cocok!

KOLEM A

KOLEM B

- | | |
|---|--------------------------|
| 1. Sang Prabu tindak..... menyang alas. | a. tembung dwipurwa |
| 2. caraka | b. pangestu |
| 3. pembayun | c. pangapura |
| 4. Ingkang Maha Kuwaos | d. cangkrama |
| 5. tetenger | e. utusan |
| 6. para werdha | f. tulisan sing becik |
| 7. pudyastawa | g. ngumbara |
| 8. pangaksami | h. unggah-ungguh |
| 9. subasita | i. pembarep |
| 10. paripurna | j. Gusti Allah |
| 11. Abimanyu | k. tembung dwilingga |
| 12. Kalasakti | l. pinisepuh |
| 13. tokan-takon | m. ukara pakon |
| 14. susastra | n. para mudha |
| 15. Prapti, mangkata! | o. rampung |
| | p. Satriya ing Sawojajar |
| | q. Ukara andharan |
| | r. Partaputra |
| | s. Pralambang |
| | t. para dewa |

III. Titik-titik ing ngisor iki isenana nganggo jawaban kang wis sumadya!

- 1. Sesorah atur..... ing pasamuhan panggih temanten.
- 2. Awit saking punika kula tansah nyuwun jumurunging..... saking para pinisepuh.
- 3. Sang Kunthiputra namur laku, tindak..... menyang kiki-sing negara Wiratha.
- 4. Tembung sing dirangkep wandane pungkasan diarani tembung
- 5. Lambang utawa pralambang uga diarani

6. Pralambang kaanan jaman Pajang unine
7. Pralambang negara RI unine
8. Watak utawa sipat sing gampang banget nggugu lan mituhu gu-
neme wong utawa dedongengan, sing durung kinaruhan bener
lan bukti nyatane diarani
9. Jeneng kang sinandhi ing tembang utawa karangan diarani .
10. Pitutur kang sinandhi ora dilairake kanthi satemene diarani .

Jawaban:

- a. wasita sinandhi
- b. Sandhi asma
- c. gugon tuhon
- d. Bhinneka Tunggal Ika
- e. Kalajangga
- f. pralampita
- g. dwiwasana
- h. lelana
- i. pudyastawa
- j. pambagya

IV. Pitakon-pitakon ing ngisor iki wangsulana!

1. Wenehana tuladhane kapercayan Gugon Tuhon kang kalebu ing
wasita sinandhi! (2 bae).
2. Kanggo nebus ananing bebendu kang tinemu ing gugon tuhon,
kudu disranani mruwat, kanthi nanggap wayang. Kira-kira la-
kon apa?
3. Kepriye unine pralambang kaanan:
 - a. jaman Pejajaran
 - b. jaman Demak
4. Ukara ing ngisor iki kira-kira mralambang apa?
 - a. Kartika Eka Paksi
 - b. Swadhaya Bhumi pala
5. Terangna kepriye tata carane wong sesorah iku! (apese 4).

Nulis Jawa

a. Tulisen nganggo aksara Jawa:

1. Bathok bolu isi madu
2. Ngangsu apikulan warih

3. Panca sura panggah
4. Legi bratawali
5. Kumepyur pulut

b. Salinana nganggo aksara Latin!

1. ||
 2. ||
 3. ||
 4. ||
 5. ||

EVALUASI III

I. Bunderana a, b, c, utawa d sing koanggep bener!

1. Senajan mung sakilan, bumi wutah rah kudu dilabuhi.
 - a. Rawe-rawe rantas malang-malang putung.
 - b. Ditohi pecahing jaja wutahing ludira.
 - c. Sadumuk bathuk sanyari bumi.
 - d. Santosaning karsa marganing mulya.
2. Cancut tali wanda siyaga ing gawe.
 - a. Santosaning karsa marganing mulya.
 - b. Sadumuk bathuk sanyari bumi.
 - c. Rawe-rawe rantas malang-malang putung.
 - d. Ditohi pecahing jaja wutahing ludira.
3. Raden Kartamarma mbudhalake para prajurit, astane kumlawe ngabani.
 - a. ukara elip
 - b. ukara lamba
 - c. ukara rowa
 - d. ukara ganep
4. Wadya bala kuwi jenenge tembung:
 - a. saroja
 - b. entar
 - c. dasanama
 - d. sanepa
5. Wis tetela yen para Kurawa iku angukuhi negara Ngastina. Tetela =
 - a. sejati
 - b. pranyata
 - c. wani
 - d. ngandel
6. Untaping wadya bala *anglur selur* tan ana pedhote. Anglur selur tegese:
 - a. mbanyu mili
 - b. tunggal banyu
 - c. mbanyu pinerang
 - d. mbanyu panguripan
7. Tembung kawine abang iku:
 - a. rekta
 - b. wilis
 - c. kresna
 - d. seta
8. Tembung kawine kuning iku:
 - a. pita
 - b. langking
 - c. wilis
 - d. rekta
9. Tembung kawine kethek iku:
 - a. rewanda
 - b. turangga
 - c. sarpa
 - d. dwipangga

10. Tembung kawine angin iku:
 a. maruta b. tirta c. dhahana d. narmada
11. Ratu ing..... ajejuluk Prabu Matsyapati utawa Matswapati.
 a. Ngamarta b. Astina c. Wiratha d. Mandura
12. Matsya iku mengku teges iwak utawa:
 a. narendra b. kisma c. mina d. kukila
13. Tembung saroja iki terusna! karta.....
 a. cintraka b. sura c. raharja d. marma
14. Kang dadi dhutaning Pandhawa nalika nyuwun baline negara Astina kang sasigar semangka, iku:
 a. Gathutkaca b. Resi Seta c. Prabu Kresna d. Abimanyu
15. Ora sranta pun kakang banjur jumangkah triwikrama. Triwikrama ateges:
 a. tapa b. pasa c. mathek aji d. murca
16. Rikala dadi dhutaning Pandhawa Prabu Kresna anitih kreta kang awasta:
 a. rata Jaladara b. rata Jatisura c. rata Rajamala d. rata Jitapsara
17. Tembung arsa ngrabaseng yudha ateges:
 a. maju perang b. nantang perang
 c. miwiti perang d. nglurug perang
18. Papan sing dienggo perang diarani:
 a. pangurakan b. pasangrahan c. pasewakan d. palagan
19. Basa rinengga iki tegesna! "yayah warsa kinteki".
 a. Kaya semut mbarubul saking ngandhap sela
 b. Kaya kodhok sewu kudanan
 c. Kaya mimi lan mintuna
 d. Kaya swarane udan ing alas pejaten.
20. Basa Peprenesan iki terangna tegese! "Pindha werdu hangga sasra".
 a. Pindha kaya, werdu semut, hangga watu, sasra sewu.
 b. Pindha kaya, werdu pejaten, hangga udan, sasra sewu.
 c. Pindha kaya, werdu kadhik; hangga udan, sasra sewu.
 d. Pindha kaya, werdu lintah, hangga banyu, sasra sewu.
21. "Yayah podhang areraton", ukara iki kena kanggo nyandra busana kang arupa:
 a. jenar b. wilis c. rekta d. langking
22. Dasanama ing ngisor iki sing bener mung siji. Tuduhna!
 a. gajah, esti, dwipangga, diradha, liman

- b. rewanda, kethek, sardula, wre, kapi, pragosa
 c. ula, naga, taksaka, kukila, sawer, sarpa
 d. turangga, jaran, aswa, titihan, kuda, sengara
23. Sing diarani satriya ing Paranggaruda iku:
 a. R. Abimanyu b. R. Sadewa c. R. Nakula d. R. Samba
24. Petungan angka taun kang adhasar lakune srengenge diarani:
 a. sengkalan memet b. sengkalan prasaja
 c. candra sengkala d. surya sengkala
25. Sengkalan kang awujud pepetan utawa gambar diarani:
 a. sengkalan memet b. sengkalan prasaja
 c. candra sengkala d. surya sengkala
26. Sengkalan kang dienggo nengeri taun Masehi diarani:
 a. surya sengkala b. candra sengkala
 c. sengkalan memet d. sengkalan prasaja
27. Sengkalan kang tinemu ing pagelaran kraton Ngayogyakarta Hadiningrat awujud ula loro kang lagi cumbana, pethit siji lan sijine padha gubet-ginubetan.
 Pepetan utawa gambar kasebut bisa disengkala:
 a. Dwi Naga Ngesti Ratu b. Dwi Naga Rasa Tunggal
 c. Dwi Naga Ambuka Wani d. Dwi Naga Manunggal Pethit
28. Sengkalan memet kang kasebut ing no. 27 iku nudhuhake angka taun:
 a. 1182 b. 1982 c. 1882 d. 1682
29. Ing bangsal witana kraton Ngayogyakarta Hadiningrat ana sengkalan memet kang awujud pepetan utawa gambar baya dirubung tawon lima. Lan mengku surasa sengkalan "Panca Gana Slira Tunggil", ateges angka taun:
 a. 1955 b. 1194 c. 1555 d. 1855
30. Menara Agung ing Mangkunegaran Solo, ana sengkalan kang muni: "Panggung Sangga Buwana". Iku mengku teges taun:
 a. 1944 b. 1194 c. 1189 d. 1189

II. Jodhokna "A" lan "B" sing koanggep mathuk!

KOLEM A

1. Sirna Ilang Kertaning Bumi
2. Panggung Sangga Buwana
3. Panca Gana Slira Tunggil
4. Dwi Hasta Ngesti Ratu

KOLEM B

- a. 1977
- b. 1411
- c. 1555
- d. 1708

5. Estining Pandhita Ambuka Bumi	e. 1678
6. Wiwara Katon Dwi Tunggal	f. 1877
7. Linungit Kembar Gatraning Ron	g. 1980
8. Dwi Naga Rasa Tunggal	h. 1682
9. Nir Angesthi Sekaring Budhi	i. 1925
10. Wiku Sapta Ngesti Tunggal	j. 1229
11. Naga Anitih Manising Cakra	k. 1978
12. Naga Muluk Tinitihan Janma	l. 1882
13. Buta Lima Manah Jagat	m. 1855
14. Sri Tyas Suci Sawiji	n. 1198
15. Turangga Tinitihan Sesekring Bawana	o. 1400
	p. 1300
	q. 1945
	r. 1981
	s. 1965

III. Titik-titik ing ngisor iki isenana!

1. Petungan taun Jawa karo taun Masehi iku kacek 68 taun. Candra sengkala ing ngisor iki unine "Suci Tata Ngesti Tunggal" taun Jawa. Yen dimaknani padha karo taun Masehi.
2. Sengkalan kasebut no. 1 iku kanggo mengeti adege Pawiyatan luhur kang asipat netral lan emoh campur tangane penjajah. Yaiku Pawiyatan Luhur
3. Pawiyatan kasebut madheg ing kutha
4. Dene sing ngedegake yaiku
5. Pawiyatan kasebut diperang dadi pirang-pirang tingkatan. Sing tingkat SMP diarani
6. Dene sing tingkat SLTA dijenengi
7. Kang busanane ijo kumpul padha wilis, kang busanane abang kumpul padha rekta, Yen tinon saking mandrawa pindha tanem nedheng gumendhung. Tembung tinon bisa karimbag dadi ..
8. Tinon saking mandrawa tegese
9. Manut pangrimbage tembung tinon diarani rimbag
10. Tembung gumendhung manut pangrimbage diarani rimbag ...
11. Yasa tendha kinarya makuwon. Makuwon mengku teges
12. R. Werkudara mbudhalake wadyabala menyang Tegal Kuru. Manut lungguhe tembung, wadyabala diarani
13. Dene R. Werkudara diarani
14. Manut jinising tembung "menyang" diarani tembung
15. R. Werkudara kagungan dada kang dijenengi

16. Pakuwone R. Werkudara rikala perang Bharatayuda diarani pakuwon Randugumbala, dene pakuwone R. Janaka diarani pakuwon
17. Bareng gendera umbul-umbule para Pandhawa wis katon kumlabel, para Kurawa wis rumangsa was
18. Tembung kawine dina Rebo Wage iku dina
19. Neptune ketemu
20. Dina Jemuah Legi neptune ana

IV. a. Titik-titik ing jero kurung iki isenana "L" yen ukara lamba, "R" yen ukara rowa (rangkep) utawa "E" yen ukara elip!

- (....) 1. Saben dina Surasa mesthi dipoyoki kancane.
- (....) 2. Suk sasi ngarep iki Pak Kerta arep mantu Mujiyem.
- (....) 3. Saben dina mangkat sekolah.
- (....) 4. Suraji nyembeleh pitik, Murwati sing mbedholi.
- (....) 5. Ngatiyam didhawuhi Embahne golek yuyu ing kali kanggo makani bebek.
- (....) 6. Kupluke Suprayit puthuren amarga ketrocohan.
- (....) 7. Nampa koran saben sore jam 17.00.
- (....) 8. Juwahna ngiperi bal-balan nganggo bal plastik.
- (....) 9. Pancasila dhasaring negara RI.
- (....) 10. Rikala bapak kondur, aku lagi bae arep mangkat sekolah.

b. Titik-titik ing jero kurung iki isenana "T" yen tanduk, utawa "G" yen tanggap:

- (....) 1. Mau bengi aku nonton sulapan ing pasar malem.
- (....) 2. Lagi bae dheweke taklayangi.
- (....) 3. Mas Bagyo wis ditetepake dadi Kaum ing Desa Lempungsari.
- (....) 4. Sing nampa layang wingi sore kae, dhik Andang Arimurti.
- (....) 5. Wedhuse Sumanti dicancang ing pekarangane Mbah Kardar.
- (....) 6. Marlina dioyak-oyak kirik cilik-cilik.
- (....) 7. Andi Irawan nggambar Gathutkaca mabur ngoyak layangan pedhot.
- (....) 8. Apa dhuwite wis kotampa?
- (....) 9. R. Ng. Rangga Warsita nganggit Serat Cemporet lan Jaka Lodhang.
- (....) 10. Hendra numpak jaran kepang kesurupan.

V. Tulisen nganggo aksara Jawa!

DHANDHANGGULA

Surem-surem diwangkara kingkin,
kadya manguswa risang palastra,
denya ilang memanise,
wadananira landhung,
Kumel kucem rah maratani,
marang sariranira,
meles dening m rus,
gegana abang sumirat,
sabuwana kadya kawaratan getih,
lir bela palastreng prang.

EVALUASI IV

I. Bunderana a, b, c, utawa d sing koanggep bener!

1. Layang kabar sing metune saben dina diarani:
a. ariwarti b. kalawarti c. saptawarti d. ekawarti
2. *Panyebar Semangat* iku kalawarti Basa Jawa edhisi:
a. Yogyakarta b. Surabaya
c. Surakarta d. Semarang
3. Kalawarti ing ngisor iki kalawarti edhisi Surakarta.
a. Jaka Lodhang b. Pancasila
c. Parikesit d. Darmanyata
4. Perangane layang kabar sing isi bab pengumuman, tawa-tinawa, lan sapiturute:
a. pariwara b. paripurna c. paripeksa d. paribasan
5. Tuladhane ariwarti sing katulis nganggo basa Jawa yaiku:
a. Jaka Lodhang b. Darmakandha
c. Panyebar Semangat d. kabeh jawaban luput
6. Bapak lan ibu iku pindha nakhoda lan..... kulawarga.
a. juru kuncib. juru mudhi c. juru mertani d. juru masak
7. Ora ana..... sing gelem nyabrangake Rara Mendut-Pra-na citra.
a. juru kuncib. juru sathang c. juru tambang d. juru mudhi
8. Menawi boten kenging kula suwun sarana aris, kapeksa kula suwun kanthi ruda.....
a. paripurna b. paripolah c. parimirma d. paripeksa
9. Kula nyuwun sih..... panjenengan kersaa ngrigenaken pikajengen kula.
a. parimirma b. paripolah c. parikena d. paripurna
10. Yen lagi ora kabeneran, sa..... ku sarwa salah.
a. paripih b. paripolah c. parimirma d. parikena
11. Lampahing sarasehan rancag nir sambekala, ngantos
a. pariwara b. paripeksa c. paripurna d. pariwisata

12. Tembung lingga kang entuk ater-ater pari diarani rimbag:
 - a. Lingga andhahan
 - b. Tanduk Kriyawantah
 - c. Wisesana
 - d. Bawa
13. Tembung-tembung kang digandheng nanging wis luluh dadi siji, diarani camboran:
 - a. wudhar
 - b. wutuh
 - c. tugel
 - d. tunggal
14. Irwan tanpa dhuwit pesangon Rp10.000,00 amarga dilereni anggone nyambut gawe. Dhuwit pesangon kagolong camboran:
 - a. wudhar
 - b. wutuh
 - c. tugel
 - d. tunggal
15. Kom, tukuwa gedhang goreng karo Semar mendem nggone mbah Tarman kana! Semar mendem kagolong camboran:
 - a. wudhar
 - b. wutuh
 - c. tunggal
 - d. tugel
16. Tulisan utawa piwulang sing becik isine lan endah basane diarani:
 - a. kabudhayan
 - b. kesenian
 - c. kapustakan
 - d. kasusastran
17. Kasusastran kang awujud dedongengan lan tembang kang ora dingerteni pangriptane lan kapan dikarang uga ora dingerteni diarani kasusastran:
 - a. kasusastran para
 - b. kasusastran miji
 - c. kasusastran gancar
 - d. kasusastran tembang
18. Sing kalebu kasusastran para umpamane dongeng:
 - a. Ramayana
 - b. Baru Klinthing
 - c. Babat Pajang
 - d. Bratayudha
19. Buku-buku kang becik isine lan endah basane diarani:
 - a. paramasastra
 - b. kawruh basa
 - c. kasusastran
 - d. bau sastra
20. Tembung saroja, Yogyaswara, sandhi garben lan sanepa kagolong perangane kasusastran sing diarani kawruh:
 - a. kapustakan Jawi
 - b. basa
 - c. paramasastra
 - d. kagunan basa
21. Piwulang bab carane migunakake, ngarani, nulis, maca, lan ngrakit basa kanthi bener diarani:
 - a. paramasastra
 - b. kagunan basa
 - c. kasusastran
 - d. parameng kawi
22. Sarining Paramasastra Basa Jawi karipta dening:
 - a. W.Y.S. Purwadarminto
 - b. Ki Padma Susastra
 - c. Ki Antun Sohono
 - d. Ki Hajar Dewantara
23. Ngengrengan Kasusastran Jawi, karipta dening:

- a. Ki Antun Suhono b. Padma Sukaca
 c. Padma Susastra d. Sri Hadijaya
24. Tandur = nata karo mundur. Diarani kerata basa utawa:
 a. rura basa b. baliswara c. saloka d. jarwa dhosok
25. Kusumastuti lan Pamularsih kagolong tembang:
 a. cilik b. macapat
 c. tengahan d. dolanan gagrag anyar
26. Larikan tembang gedhe diarani:
 a. padadirga b. padapala c. padeswara d. pupuh
27. Saben sa..... tembang gedhe kadadeyan saka patang pa-
 dadirga.
 a. pupuh b. padapala c. pada d. padeswara
28. Pethikan iki wacanen batin!

GELENGING TEKAD

Pedhut nggameng aneng pucuking arga.
 Nutup soroting surya ing wanci enjing.
 Mbudhi daya kanthi sakehing tenaga.
 Sang baskara ywa nganti aweh pepadhang.

Pethikan kasebut diarani:

- a. guritan b. kidung c. purwakanthi d. gancaran
29. Tembung ywa asale saka tembung aywa. Ngringkes tembung
 kang kaya mangkono iku diarani:
 a. mluta b. nggarba c. mancah d. ngrimbag
30. Sing dikarepake Sang Baskara ing ukara iku:
 a. Gusti Allah b. srengenge
 c. bulan d. lintang

Jodhokna "A" lan "B" sing mathuk!

KOLEM A

1. Tembang Jamuran
2. Ora dingerteni pangriptane
3. Sekar Ageng Rukmarata
4. Wirangrong
5. gajah, ula lan baya
6. jaran, pandhita lan gunung
7. banyu, kali lan samudra

KOLEM B

- a. watak 1 (siji)
- b. tembang Macapat
- c. watak 8 (wolu)
- d. tembang dolanan
- e. kasusastran para
- f. tembang tengahan
- g. watak 5 (lima)

8. jagat, Allah lan ratu
9. dewa, gapura lan kori
10. Pangkur
11. bening leri
12. sing sapa salah seleh
13. Puisi basa Jawa
14. Golekana galihe kangkung
15. Wisu kenthar ing maruta

- h. watak 7 (pitu)
- i. tembang kawi
- j. watak 4 (papat)
- k. isbat
- l. watak 9 (sanga)
- m. bebasan lan saloka
- n. tembung entar
- o. sadhi asma
- p. guritan
- q. candrane mangsa
- r. Purwakanthi sastra
- s. Sanepa

III. Titik-titik ing ngisor iki isena!

1. Tuladhane..... umpamane "Majua sayuta ngarsa sakethi wuri!".
2. Jeneng kang sinamun ing tembang utawa karangan diarani .
3. Kasusastran sing wis dingerteni pangriptane diarani kasusastran
4. Tuladhane kasusastran para sing awujud tembang dhandhanggula kanthi cakepan
5. Gedhe endhase, lunyu ilate lan dawa tangane iku tuladhane tembung
6. Bebasan sing isi piwulang bab budi pekerti lan ilmu kasampurnaning pati diarani
7. Abang-abang ora legi, tiwas magang ora dadi. Ukara iki diarani
8. Tembung prameswari bisa digarba dadi
9. Terangna tegese basa rinengga iki: Adoh sun awe, celak sun raketake. Tegese
10. Basa peprenesan iki tegese..... "tambang rawat-rawat mbok bakul sinambiwara".
11. Geni, urub lan benter iku nduweni watak angka
12. Manunggaling Pandhita clak korining swarga. Ukara sengkalan iki mengku teges taun
13. Tukang gawe bekakas gerabah saka lemah diarani
14. Wong kang pakaryane gawe reca utawa natah watu dijenengi
15. Tukang gawe keris jenenge Empu, dene tukang gawe wrangka diarani

16. Pusaka piandel ing kraton Demak kang kanggo nyedani Dipati Arya Penangsang diarani Kanjeng Kyai
17. Ora gelem cawe-cawe urusane liyan, diparibasakake
18. iku candrane mangsa ka loro, kang mengku teges lemah-lemah padha nela utawa mlethek.
19. Tuladhane wangsalan umpamane: mrica kecut,
20. Sing diarani Pancawara, iku dina pasaran kang tinemu ing tanah Jawa; yaiku Paing, Pon, Wage, Kliwon lan Legi. Tulisen dina pancawara iku nganggo basa Kawi! Jawab:,,,,,,,,,, lan

IV. Pitakon-pitakon iki wangsulana!

A. Terangna apa sing diarani:

- | | |
|-----------------|--------------|
| 1. kapustakan | 4. wangsalan |
| 2. kasusastran | 5. isbat |
| 3. kagunan basa | |

B. Wenehana tuladhane loro-loro!

- | | |
|--------------|-------------------|
| 1. saloka | 4. ukara sesumbar |
| 2. bebasan | 5. pepindhan |
| 3. wangsalan | |

Nulis Jawa:

a. Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Undhake pawarta sudaning kiriman
2. Ciri wanci lelai ginawa mati
3. Yitna yuwana lena kena
4. Busuk ketekuk pinter keblinger
5. Keplok orang tombok

b. Salinana nganggo aksara Latin:

EVALUASI V

I. Bunderana a, b, c, utawa d sing koanggep bener!

1. Prabu Kresna punika waskita sanget, pramila wonten ingkang ngendikaaken kagungan (tingal) sewu.
a. tingalan b. tetingalan c. kaca tingal d. paningal
2. Ing Peken Malem kathah (tingal) warni-warni.
a. ketingal b. ngetingal c. paningal d. tetingalan
3. Sinareng pikantuk aben manising rembag saking Prabu Dasamuka, sakala Jaya Anggada lajeng (tingal).
a. ketingalan b. tiningalan c. ketinggalan d. malik tingal
4. Patal Secang (tingal) cetha wela-wela saking ereng-erenging Redi Sumbing.
a. paningalan b. ngetingal
c. titingalan d. ketingalan
5. Gamelan rong prangkat kang disimpen ing Kraton Ngayogyakarta sing dienggo sekatenan dijenengi Nyai Nagawilaga lan Kyai:
a. Plered b. Setan Kober c. Gunturmadu d. Handarwalika
6. Saben wulan Mulud ing..... ler Ngayogyakarta dipun onteni upacara sekaten.
a. ara-ara b. plataran c. pangurakan d. alun-alun
7. Upacara sekatenan iku kanggo mahargya:
a. Wiyosan dalem Sri Sultan
b. Jumenengan dalem Sri Sultan
c. Tanggap warsa jumenenge Kraton Ngayogyakarta
d. Wiyosan dalem Kanjeng Nabi Muhammad s.a.w.
8. Asma timure Sri Sultan Hamengkubuwana iku:
a. B.R.M. Mangkubumi b. B.R.M. Herjuna Derpita
c. B.R.M. Puger d. B.R.M. Darojatun
9. Kraton Solo ana loro cacahé yaiku:

- a. Kasultanan lan Kasunanan b. Kasunanan lan Pakualaman
c. Pakualaman lan Mangkunegaran d. Kasunanan lan Mangkunegaran
10. Kraton..... uga diarani Kraton Kanoman dudu Kasepuhan.
a. Ngayogyakarta b. Solo
c. Demak d. Cirebon
11. Abon-aboning Upacara kang pinangka kanggo sesaji ing kraton awujud:
a. Kayu Klepu dhewa ndharu lombok terong sarwa kencana
b. Banyak dhalang sawunggaling Hardawalika
c. Bale kencana saka dhomas
d. Gedhang mas pupus cindhe
12. Wana punika peteng ngajrih-ajrihi tur kathah satonipun galak.
a. ukara lamba b. ukara elip
c. ukara rowa d. ukara ganep
13. Pak Jaya taberi nyambut damel. Pak Jaya gemi.
Yen digabung dadi ukara rowa:
a. Senajan Pak Jaya taberi nyambut damel nanging gemi.
b. Sinaosta gemi Pak Jaya taberi nyambut damel.
c. Pak Jaya punika gemi tur taberi nyambut damel.
d. Pak Jaya punika taberi nyambut damel nanging gemi.
14. Wong kang wis ora luntur ing pitutur diparibasakake:
a. Mirong kampuh jingga b. Mbeguguk ngutha waton
c. Malik bumi d. Ngalasake negara
15. "gelereng" yen dirimbag dadi gereng entuk seselan er (Ver).
Diarani rimbag:
a. sananta b. lingga andhahan
c. tandang d. tanduk
16. Tembung pangendhang bisa karimbag dadi:
a. pa + ngendhang b. pang + kendhang
c. pa + kendhang d. pa + V ng + kendhang
17. Tembung kasebut no. 16 manut pangrimbage diarani rimbag:
a. bawawacaka b. dayawacaka
c. kriyawacaka d. karanawacaka
18. Tuladhane rimbag dayawacaka umpamane:
a. pategalan b. kabupaten c. pagupon d. pamulangan
19. Kajaba palawija, pari gaga uga bisa katandur ing:
a. pategalan b. sawah c. kebon d. pekarangan
20. Serat Mahabarata (Hindu) karipta dening:
a. Empu Wiyasa b. Empu Walmiki

- c. Empu Sedah lan Panuluh d. Empu Kanwa
21. Buku Mahabarata kaperang dadi 18 parwa. Mula banjur diarani:
- a. Astadasaparwa b. Adiparwa
c. Agastyaparwa d. Sabdhaparwa
22. Parwa kang kawitan diarani:
- a. adiparwa b. sabdhaparwa
c. udyogaparwa d. stripalapaparwa
23. Serat Ramayana (Hindu) dikarang dening:
- a. Walmiki b. Wiyasa c. Prapanca d. Tantular
24. Ramayana iku nyaritakake lelakone Prabu Rama, Sinta lan Dasamuka. Prabu Rama uga kekasih:
- a. Regawa b. Widagda c. Bharata d. Satrugna
25. Prabu Rama kagungan panah:
- a. Pasopati b. Kunta Wijaya ndanu
c. Gunawijaya d. Ardadedali
26. Sundara kandha iku perangane Ramayana sing nyaritakake:
- a. Ilange Dhewi Sinta ing alas Dandaka.
b. Sugriwa Subali.
